*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№112 (26564)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 27 июнь – хурхæтæны мæйы 27 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 БÆРÆГБОНЫ КАДÆН
*Хорзæхтæ – дохтыртæ æмæ медицинон хотæн*

3 ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Гимнастикæ*

Кусæг фембæлд

## Федерацийы Советы уæнгтæ – Ирыстоны

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО æмæ Уæрæсейы Федералон Æмбырды Федерацийы Советы Сæрдары хæдивæг, Федерацийы Советы Креативон (сфæлдыстадон) Уæрæсейы Федерацийы индустритæ æмæ адæмон аивадон амалиуæгады рæзты къамисы сæрдар Инна СВЯТЕНКО куысты фæдыл фембæлдысты. Æрныхас кодтой Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон къабаз æмæ инвестицион политикæйыл, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы фарстатыл, ахуырад, æнæниздзинад хъахъхъæнынад, культурæ æмæ туристон къабазы рæзтыл, стæй, 2024 азы Субъекты боны Федерацийы Советы уынаффæ куыд æххæстгонд цæуы, ууыл.**

Фембæлды архайдта Цæгат Ирыстонæй Уæрæсейы Федерацийы сенатор **Виталий Назаренко**.



– Социалон-экономикон рæзты стратегион нысантæ сæххæст кæнын йæ бон у æнæфæтасгæ, æнæниз æмæ эффективон экономикæйæн. Уæрæсейы Президент æмæ федералон æххуысы руаджы абон республикæ хъазуатонæй аразы ног скъолатæ, рæвдауæндæттæ, фæндæгтæ, медицинæйы уавæртæ хуыздæр кæны, культурон æгъдауæй фæлладуадзæн ног бынæттæ аразы. Регионы экономикæйы реалон сектор æмæ социалон къабазы инвестицитæ фылдæр кæнынц паддзахадон программæтæ æмæ национ проекттæ æххæст кæныны руаджы, – фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.



Хицæнæй ныхас цыди сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуысы фарстатыл. Инна Святенко тынг ахсджиаг хъуыддагыл нымайы хæстонты сабыр цардмæ раздахыны хъуыддаг æмæ загъта, Цæгат Ирыстоны фæлтæрддзинад хæстон быцæуты ветерантæ скъолаты директорты уынаффæгæнджытæй нысангонд кæй æрцыдысты æмæ рæзгæ фæлтæры хъомылад æмæ æхсæнадон царды кæй архайынц, уый хорз дæнцæг кæй у.

Уымæй уæлдай ма, вице-спикер хорзыл банымадта регионы бавæрæн адæмон аивадон амалиуæгад бахъахъхъæнынмæ.

– Тынг ахсджиаг хъуыддаг у, регионы стыр куыст кæй бакодтат адæмон аивадон амалиуæгады (промыслы) рæзт æмæ парахат кæнынил, адæмон дæсныты баиу кæнынил – арæзт æрцыд Ассоциаци «РЦИ-Аланийы адæмон аивадон амалиуæгады центр». Мах уыдыстæм Центры, зонын, туристон маршруттæм хаст кæй у, уый, æмæ объектмæ чи 'рбацæуы, уыцы туристты нымæц иудадзыг рæзы. Æнæмæнг хъæуы маршрутыл бафтауын æрмдæсныты æрмадзтæ, – загъта Инна Святенко.

– Уый нæ истори, культурæ, хæдхуыздзинады хай у. Не 'рмдæсныты куыстмæ цымыдисдзинад рæзы. Дарддæр дæр ацы къабазæн æххуыс кæндзыстæм, араздзыстæм сын уæлæмхасæн гæнæнтæ сæ куыстæн, – загъта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Креативон индустриты рæзты фарстайыл æрлæугæйæ, Сергей Меняйло фæбæрæг кодта, республикæйы арæзт кæй цæуынц тематикон форумтæ, Республикон аивæдты лицейы бындурыл байгом фыццаг Креативон индустриты скъола. Уым республикæйы алы рæттæй сабитæ ахуыр кæнынц дизайн, звукорежиссурæ, музыкæ, фото– æмæ видеокондад.

Федерацийы Советы делегаци Цæгат Ирыстоны ис кусæг балцы Федерацийы Советы Креативон (сфæлдыстадон) индустритæ æмæ адæмон аивадон амалиуæгады рæзты къамисы æмбырды фæлгæты.

Делегацийы уæнгтæ – Федерацийы Советы социалон политикæйы комитеты уæнгтæ **Сергей Горняков, Анастасия Жукова, Наталья Косихина**, Федерацийы Советы федеративон арæзтад, регионалон политикæ, бынæттон хиуынаффæйад æмæ Цæгаты хъуыддæгты комитеты уæнгтæ **Денис Гусев** æмæ **Надежда Ильина**, Федерацийы Советы бюджет æмæ финансон базарады комитеты уæнг **Елена Дягилева**, Федерацийы Советы наукæ, ахуырад æмæ культурæйы комитеты сæрдары хæдивæг **Людмила Скаковская**, Федерацийы Советы наукæ, ахуырад æмæ культурæйы комитеты уæнг **Ольга Щетинина**.

Ацы бонты делегацийы уæнгтæ зонгæ кæнынц РЦИ-Аланийы Адæмон аивадон амалиуæгады рæзты центры архайдимæ, национ брендты галерей «Акцент» æмæ хæцæнгæрзты æрмадз «Арион»-имæ. Уазджытæ ма бабæрæг кæндзысты Æхсæнадæмон терроризмы ныхмæ профилактикон культурон-патриотон центр «Беслан. Школа №1» æмæ Креативон индустриты скъола, стæй сараздзысты цæлхæмбырд ахæм темæйыл: «Креативон индустриты рæзт: регионалон практикæтæ, рæзты тæлмытæ æмæ паддзахадон æххуысы мадзæлттæ».

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Фæсивæды бон

## Арфæ

***Зынаргъ Ирыстоны чызджытæ æмæ лæппутæ!***

*Абон Уæрæсейы бæрæг кæнынц Фæсивæды бон! Æрыгондзинад – уый æрмæст адæймаджы царды рæсугъддæр рæстæг нæу, фæлæ – уды уæлмонцдзинад, сыгъдæг бæллицтæ, ныфс, егъау пълæнттæ, стыр хъуыддæгтæм тырныдзинад... Сымах рæстæджы цыдимæ æмдзугæнджытæ стут: ахуыр кæнут, бинонтæ аразут, нæ республикæ æмæ нæ бæстæйы фидæны тыххæй уæхимæ бæрнондзинад исут.*



*Ирыстон сæрбæрзонд у йæ фæсивæдæй, уымæн æмæ царды алы къабазы дæр йæхи фæзминагæй æвдисы – æхсæнадон-политикон царды, амалхъомады, ахуырады, культурæйы, спорты.*

*Абон сæрмагонд арфæ æрвитын, Райгуырæн бæстæйы раз йæ бæрнондзинад чи 'нкъары æмæ, йæ зæрдæйы фæндонмæ гæсгæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты чи 'рлæууыд, уыцы æрыгон патриоттæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сын сæ бинонтæн чи 'ххуыс кæны, уыдонæн. Стыр бузныг уын! Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, амонд, æнæкæрон хъару æмæ уе 'ппæт хъуыддæгты дæр уæлахиздзинад! Æууæндын, алчидæр уæ бирæ хорз хъуыддæгтæ кæй сараздзæн нæ Ирыстон æмæ Уæрæсейы фæрныгадæн!*

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар***

## Ирыстон сæрыстыр у æрыгæттæй

**Абон Уæрæсейы Федерацийы субъектты бæрæг кæнынц Фæсивæды бон. Фылдæр паддзахæдты фæсивæдыл нымайынц, æстдæс азы кæуыл сæххæст, уыдоны. Уæллаг гæрæн алы паддзахад дæр йæхæдæг сбæлвырд кæны, зæгъæм, Æнæниздзинады æппæтадæмон организаци (ВОЗ) фæсивæдыл нымайы, 44 азæй гыццылдæр кæуыл цæуы, уыдоны.**

Иугонд Нациты Организаци (ООН) та уыцы къордмæ хæссын кæны, 15 азæй 24 азы онг кæуыл цæуы, уыцы æрыгæтты. Уыцы арæнтæ фидаргонд æрцыдысты 1985 азы, Æхсæнадæмон фæсивæды бонмæ цæттæ кæнгæйæ.

Уæрæсейы уыцы кары гæрæнтæ уæрæхдæр сты. Æмбарынад «Фæсивæд» фидаргонд у федералон закъон «Фæсивæдон политикæ»-йы. 1993 азæй 2022 азмæ уыцы къордмæ хаудтой, 14 азæй 30 азмæ кæуыл цæуы, уыцы адæмы, фæлæ йæм фæстæдæр ивддзинæдтæ бахастой. Ныртæккæ фæсивæды кар Уæрæсейы у 14 азæй 35 азмæ.

1993 азæй 2022 азмæ бæрæгбонæн уыд сæрмагонд бон – 27 июнь, фæлæ 2023 азы Уæрæсейы Президент Владимир Путин уыцы бон аивын кодта, æмæ уæдæй фæстæмæ Уæрæсейы Фæсивæды бон бæрæггонд цæуы сæрды фыццаг мæйы фæстаг сабаты.

Бæрæгбон ацæуудзæн нæ бæстæйы æппæт регионты лозунг «Бæллиц. Сæрыстырдзинад. Иудзинад»-ы фæлгæты.

Нæ республикæ сæрыстыр у нæ курдиатджын, алцæмæй æххæст æмæ арæхстджын фæсивæдæй. Абон нæ царды ахæм къабаз нæй, чызджытæ æмæ лæппутæ хъазуатонæй кæм нæ архайынц.

Сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ фæсивæд цы сгуыхтдзинæдтæ æмæ æхсар æвдисынц, уый та дæрдтыл айхъуыст, зæгъын æмбæлы, се 'ппæт дæр хæрзиуджытæй хорзæхджын сты. Бирæтæ дзы сæ цард нæ бавгъау кодтой, тохы быдыры хъæбатырæй фæмард сты, æмæ нын æнусмæ мысинаг уыдзысты.

Æрыгон специалисттæ – ахуыргæнджытæ, дохтыртæ, фелсыртæ, тренертæ æнæзивæгæй дæрддзæф хъæутæм цæуынц кусынмæ, зындзинæдтæй нæ тæрсынц. Паддзахад сын æххуыс кæй кæны, уый сæ разæнгард кæны.

Бæрæгбон циндзинадæй фидауы, æмæ, æнæмæнг, уымæн дæр бынат уыдзæн ацы бон – фестивальтæ, концерттæ, равдыстытæ... Æрыгæттæн сæ арæхстдзинад равдисынæн арæзт æрцыдысты æппæт мадзæлттæ дæр.

Дуне сабыр уæд, хæстонтæ сæ хæдзæрттыл сæрæгасæй сæмбæлæнт, фæсивæдæн Не Скæнæг амондджын цард саккаг кæнæд цъæх арвы бын!

## Æрыгон специалисттæн – уæрæх фæндаг



Къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА

**Фæсивæды боны агъоммæ Медицинон колледжы 135 рауагъдонæн кадджын уавæры раттой дипломтæ, уыдонæй 35 – сырх дипломтæ. Ног рауагъд фелсыртæ æмæ фармацевтты 53 проценты 'рлæудзысты Гæрзифтонг тыхты рæнхъыты, фыццаджыдæр, 58-æм æфсады.**

– Ахуыр кæнгæйæ цы зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинад райстой, уыдон сæ канд граждайнаг медицинæйы нæ бахъæудзысты, фæлæ хæстон уавæрты дæр. Нæ колледжы 52 рауагъдоны абон сты сæрмагонд æфсæддон операцийы, уыдонæй 17 – чызджытæ. Цыбыр рæстæгмæ сæ фæллад суадзынмæ куы ссæуынц, уæд нæ алы хатт бабæрæг кæнынц», – йæ раныхасы бафиппайдта ахуыргæнæндоны директор **Реуазты Таймураз**.

Кадджын æмбырды архайдтой Дзæуджыхъæуы Æфсæддон госпитæлы сæргълæууæг **Аркадий Смольников**, булкъон **Гецаты Валери** æмæ горæты Минæвæртты æмбырды депутаттæ. Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы Арфæ бакаст йæ Администрацийы кадрты политикæйы фæдыл фыццаг хæдивæг **Темыраты Руслан**:

– Профессион цардмæ акодтат къахдзæф, уый фæдыл уын арфæ кæнын! Сымах равзæрстат иуыл ахсджиагдæр æмæ уæздандæр дæсныйæдтæй иу. Медицинæ канд наукæ нæу, фæлæ царды хæс. Уæ зонындзинæдтæ, тавиц æмæ цæттæдзинадæй аразгæ у рынчыны цард. Уырны мæ, уæ дæсныйады фыццаг цæлхдурты сæрты ахизын кæй сарæхсдзыстут. Уадз, рынчынты дзæбæх кæнгæйæ, уæ куысты рухс цаутæ фылдæр уа! Уе 'нтыстдзинæдтыл ма 'рлæуут, медицинæ æдзух размæ цæуы, иугæндзон ахуырад уыдзæн æууæл уæ æнæмæнг рæзтæн, – ис загъд арфæйы.

Рауагъдонтæм æнхъæлмæ кæсы аккредитаци ацæуыны фæлварæн, йе 'мгъуыд – къуырисæрмæ. Фыццаградон аккредитацийы фæстæ та сæм æнхъæлмæ кæсынц республикæйы дзæбæхгæнæндæтты. Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады хъæппæрисæй се 'ппæт дæр хъуамæ бакусой амынд рынчындæттæ æмæ поликлиникæты, уыимæ, фæдзæхстадон медицинæимæ чи кусы, уыцы уагдæтты дæр. Алы рауагъдонмæ дæр йæ цæст дардзæн хъомылгæнæг, кæмдæр – 2 азы, кæм та – 3 (уый аразгæ у равзæрст дæсныйадæй). Æмгъуыд куы фæуа, уæд рауагъдоны фæндонмæ гæсгæ йæ бон у кусгæйæ баззайын, кæнæ йæ бынат аивын. Уый хауы, куыд бюджетон, афтæ ахуырæн фидгæ чи кодта, уыцы рауагъдонтæм дæр. Ацы информаци нæ уацхæссæгæн фехъусын кодта колледжы директоры хæдивæг **Моргуаты Азæ**:

– Къуырийы дæргъы республикæйы дзæбæхгæнæндæтты администрацитæ æмæ кадрты службæты минæвæрттæ цыдысты нæ колледжмæ æмæ нæ рауагъдонтæй æвзæрстой кусджытæ. Æнхъæлмæ фæкæсынц, цæмæй сæм æрыгон специалисттæ фылдæр цæуой, уымæ. Ацы фарста хауы Медицинон академи каст фæуæвджытæм дæр. Нæ рауагъдонтæй æгуыстæй ничи баззайдзæн, 280 та сæ гæххæттытæ бадæтдзысты уæлдæр медицинон ахуыргæнæндæттæм. Фæнды мæ Фæсивæды боны фæдыл раарфæ кæнын йæ минæвæрттæн: амондджын ут, хæст мауал уæд, хорздзинæдтæ æмæ циндзинад æрбынат уæд уæ царды! Къайад кæнут, сывæллæттæ уын фылдæр гуырæд!

Цы ивддзинæдтæ æрцыд Медицинон колледжмæ ахуырмæ бацæуыны фæдыл, уый тыххæй нын бамбарын кодтой, ныридæгæн Исæн къамис бавнæлдта йæ хæстæ æххæст кæнынмæ. Сентябры Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад сфидар кодта абитуриенттæ исыны пълан. Конкурс алы аз дæр стыр вæййы, уæлдайдæр, 9 кълас каст чи фæцис, уыдоны 'хсæн. Ахуырады æппæт ведомствæты уынаффæмæ гæсгæ, фыццаджыдæр, ист цæудзысты дзæбæхгæнæндæттæй æрвыст чызджытæ æмæ лæппутæ, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ сывæллæттæ; инвалидтæ, сидзæртæ æмæ бирæсывæллонджын бинонты цот.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **27 июны** уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **15-17 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 15,21 | Хурыскаст — 04,23<br>Хурныгуылд — 19,44 | Валютæйы аргъ | Доллар — 75,63<br>Евро — 85,77 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Бæрæгбоны кадæн

# Хорзæхтæ – дохтыртæ æмæ медицинон хотæн

**Республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО Медицинон кусæджы кадæн конд бæрæгбоны схорзæхджын кодта сгуыхтдæр дохтырты æмæ медицинон хоты. Евгений Вахтанговы номыл уырыссаг академион театры РЦИ-Аланийы разамонæг медицинон æппæт кусджытæн раарфæ кодта сæ бæрæгбоны фæдыл.**



Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй медицинæйы фæндаг равзарджытæ удæй вæййынц фидар, дæсныйадыл – æнувыд, фæллойуарзаг, алы бон дæр адæймаджы мæлæты дзæмбытæй ратонынмæ фæтох кæнынц.

«Ныртæккæ æнæниздзинад хъахъхъæнынад размæ цæуы, фæзынд бирæ ног технологитæ, медицинон лæггæдты нымæц рæзы. Ацы ран æнæнхъæлæджы адæм нæ разыны, уыдон вæййынц, сæ фидæн рынчынтæн чи снывонд кæны, ахæмтæ. Сымахæй алчидæр архайы, цæмæй рынчынæн баххуыс кæна, сæ рыст сын уæ зæрдæты бауадзынæввонг вæййут. Алкæмæдæр уæ ис хи зындзинæдтæ, фæлæ уæддæр рынчынтæн уæ удты хъарм дæттут, бузныг уын уый тыххæй», – загъта Сергей Меняйло.

Æнæниздзинад хъахъхъæнынады стыр сгуыхтыты æмæ Уæрæсейы медицинæйы рæзтмæ стыр бавæрæны фæдыл **Александр Реутов** хорзæхджын æрцыд «Æнæниздзинад бахъахъхъæнынæн ахъаз кæнын»-ы майданæй. «Цæгат Ирыстоны сгуыхт дохтыр»-ы нæмттæ лæвæрд æрцыдысты **Абайты Мæдинæ, Бицъаты Ольгæ, Джериаты Фатимæ, Зæнджиаты Елизаветæ, Мæхæмæтты Дзерассæ, Валентина Пироженко, Тамара Ровнова, Вячеслав Русецкий, Тауаситы Валерия, Туаты Маринæ Цæгæраты Сослан** æмæ иннæ дохтыртæн.

Горæтгæрон районы рынчындоны хистæр медицинон хо **Гаглойты Фатимæ** ссис «РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады сгуыхт кусæг». Республикæйы æмвæзады æндæр хорзæхтæ райстой медицинон къабазы дохтыртæ æмæ медицинон хотæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Ахуырад

# Бадзырд сфидар кодтой

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университет æмæ Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци æмгуыстады бадзырд кæй сфидар кодтой, уый фæрцы ахуырады заман уæлдæр скъолайы студенттæн уыдзæн фæсивæдон политикæйы къабазы куысты практикон фæлтæрддзинад райсыны фадат.**




Наукон архайдæй ЦИПУ-йы проректор **Тенгиз Тиникашвили** æмæ горæты администрацийы фæсивæдон политикæйы, физкультурæ æмæ спорты комитеты сæрдар **Айларты Зауыр** бафыстой документ.

Ног ахуыры азæй фæстæмæ нæ университет æххæст кæнын райдайдзæн «Фæсивæдимæ куыстæн фадæттæ аразын»-ы къабазмæ гæсгæ бакалавриаты программæ. Студенттæн амондзысты фæсивæдон политикæ æххæст кæныны фæтк, проектон архайд æмæ социалон фæндæттæн уынаффæйад. Ахуыргæнæндон кастфæуæг адæмæн уыдзæн фæсивæдон программæты разамонджытæй, проектон менеджертæй, карьерон уынаффæгæнджытæ æмæ фæсивæдимæ куысты специалисттæй кусыны фадат.

Бадзырд студенттæн ратдзæн дыккæгæм курсæй фæстæмæ практикон ахуырад горæты администрацийы структурон дæлхайæдты ацæуыны æмæ райст зонындзинæдтæй практикон уагæй спайда кæныны бар.

Æмгуыстады тыххæй Дзæуджыхъæуы администрацийæн бузныг зæгъгæйæ, Тенгиз Тиникашвили бафиппайдта фидæны специалистты практикон цæттæкæнынады ахадындзинад.

– Практикæйы фæрцы студенттæ сæ теорион зонындзинæдтæ бафидар кæнынц, уымæй уæлдай ма сæ профессион, разамындон æмæ командон миниуджытæ дæр рæзынц. Нæ студенттæм хъæугæ зонындзинæдтæ цæмæй фæзыной, уымæн ахъазгæнæг нæ горæты администрацийæн – бузныг, – загъта проректор.

Ныхас кæнгæйæ, Айлары-фырт куыд бафиппайдта, афтæмæй амынд комитет æрыгон специалистты цæттæ кæныны хъуыддагмæ стыр æргом здахы.

– Адæймагмæ фæлтæрддзинад æрмæст практикæйы фæрцы фæзыны. Студенттæ фæсивæдон политикæйы къабазы æцæг куыстимæ цас раздæр базонгæ уой, уый бæрц сæ профессион куыст æххæст кæнынмæ хуыздæр арæхсдзысты. Ныридæгæн куысты лыстæг фæзилæнтæ чи хаты, махæн ис фидæны ахæм специалистты бацæттæ кæныны фадат, – загъта Айлары-фырт.

Уымæй уæлдай, сылгоймæгты командæты ‘хсæн волейболæй УФ-йы сгуыхт тренер Айдарты Хъазыбеджы номарæн æппæтуæрæсеон турнир саразын баххуыс кæныны тыххæй Тенгиз Тиникашвили Айларты Зауырæн ратта Арфæйы фыстæг.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

Барад

# Рæмудзæнгæрзтæ æнæзакъонæй балхæдта

**Къухæй æппаргæ схъисджын гранат РГД-5 æмæ гранатрæмудзæн УЗРГМ-2 æнæзакъонæй балхæныны æмæ сæ æфснайдæй дарыны хъуыддагмæ бар чи дары, оперативон-агурæн архайд баххæст кæнгæйæ, бæстæйы Ædасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы æмæ регионы Мидхъуыддæгты министрады кусджытæ Мæздæджы районы ахæм 40-аздзыд цæрæг А.А. Бабатовы æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой.**

**Барадхъахъхъæнджытæ урæд адæймагыл Уголовон кодексы 222.1 статьяйы 1 хаймæ гæсгæ сарæзтой уголовон хъуыддаг æмæ йæ равзæрстой.**

**Мæздæджы районы тæрхондон амынд адæймаджы банымадта фыдракæнд саразынæй аххосджыныл æмæ йын рахаста 3 азы æмæ 3 мæйы дæргъы иумæйаг фæткы ахæстоны фæбадыны, стæй йæ 30 мин сомæй фæивар кæныны тæрхон. Тæрхондоны уынаффæ йæ закъонон тыхы бацыд.**

*УФ-йы Ædасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ*

Хуссар Ирыстонæй

# Куыст – циндзинады гуырæн, зæрдæйы рухс

**Хуссар Ирыстоны рæсугъддæр бынæттæй иуы цæрынц æрыгон бинонтæ. Уыдонæн сæ къухы бафтыд сæ хæдзарад фæдарынæн традицион хъæууон цардыуаг нырыккон технологитимæ баиу кæнын. Бинонты хицау ДЖИОТЫ Альберт, йæ бинойнаг ХЪАЗИТЫ Азау, сæ дыууæ гыццыл чызджы Мия æмæ Мария, афтæмæй Интернеты амоны хи блог, чи йæ кæсы, уыдонæн дзуры фермерон царды хабæрттæ.**

Фосдарынады хъуыддæгтæ Альберт зоны йæ сабибонтæй фæстæмæ. Зæххы куыст уарзы, фосмæ зилы. Йæ хистæртæн æххуыс кодта, ныр та йæм ис хи фосдарынадон фермæ. Раздæр Джиотæ сæ хæдзарад дардтой Цхинвалы кæрон, фæлæ, хизæнуæтты бынаты цæрæн хæдзæрттæ куы сарæзтой, уæд фосы уавæрыл мæт кæнын бахъуыд. Раст зæгъгæйæ, æнæ ‘ххуысæй нæ баззад.

Ныртæккæ æнæниздзинад...

кæны. Фермеры алы бон дæр райдайы хурыскастимæ. Фосмæ базилы, холлаг сын ратты, уый фæстæ Азау бавналы хъуццытæ дуцынмæ, холлаг цæттæ кæнынмæ, æндæр хъуыддæгтæм. Азау у бæрнон: цыхтытæ æрцахсы, уæй кæны æхсыр дæр.

Кæд æмæ Джиоты Альберт сæрмагонд нысаниуæджы къорды уæнг у, уæддæр хæдзарадыл уый нæ зыны. Азау та раздæр уыд ансамбль «Симд»-ы музыйæ цы 800 мин сомы хъуыд, уыдоны бæсты Джиойыфырт райста æрмæстдæр 500 мин сомы. Æхцайы иу хайæ тракторæй ралæгъз кодта рагон акъоппыты дзыхъхъытæ, йæ мызд у 35 мин сомы, арæзтæдты куыстыты дæр ма балæууы...

Фермæ фестырдæр, фæхъомысджындæр кæнынæн сæ хъæуы электрон тых бауадзын, æнæ уымæй сыгъдæггæнæнтæ нæ сараздзынæ, фосы фæстæ æфснайынæн хъæугæ ифтонггарз нæ сæвæрдзынæ. Нæлхæ скæнынæн сæ хъæуы цæрвцæгъдæн балхæнын, кæд уал хуры батарейтæ сæвæра, æндæр гæнæн нæй. Фæлæ растдæр æмæ хуыздæр у электрон тых æрбауадзын.

Альберт æмæ Азауы зæрды ис фос 60 сæры онг фæфылдæр кæнын, афтæмæй сæ бон бауыдзæн æхсыр æрвылбон исын, хæдзар, хъæугæ кусæн бæстыхæйттæ саразын. Хæдзары цур та æхсыр уæйгæнæн байгом кæнын. Проект Альберт йæхæдæг сарæзта, арæзтадон факультеты ахуыры равдисын. Æцæгæйдæр, бирæтæ нæ зонынц, хæдзарад куыд арæзт у, уый. Йæхæдæг дæр арæх фæкæсы, дунейы адæм сæхи хъуыддæгтæ куыд аразынц, куыд слæууынц сæ къæхтыл, уымæ.

Уæрæсейы, æндæр бæстæты цæрджытæ æхсызгонæй кæсынц интернеты Альберты куыстмæ æмæ, сын баххуыс кæнынмæ чи вæййы цæттæ, чидæртæ сæ разыйæ баззайынц... Джиотæ, сывæллæттæ хæдзары фосмæ куыд райгондæй зилынц, уыдæттæ æвдисынц. Уæлдай ахорæнтæ дзы нæ вæййы, хъуццыты райсомы æрдыгъд, ноггуырд рæуæдты фыццаг къахдзæфтæ, быдыры куыст, хос куыд кæрдынц, куыд æфснайынц... Мия уарзы кæрчытæн хæринаг дæттын, Мария та – рæуæдтæн хъæбыстæ кæнын... Видеоæрмæгмæ кæсджытæ сæм æрвитынц сæ фыстæджытæ.

Чызджытæн кæрчытæ æмæ хъуццытæ систы хæдзары уарзон цæрæгойтæ, нæ сæ тæрсынц, хæринаг сын дæттынц, семæ хъазынц. Афтæмæй сæ зæрдæты фæзыны фæллоймæ



**Уæзæгты Константин** æмæ **Джиоты Фидары** руаджы фос бахъахъхъæддта, Цхинвайлаг районы Хеиты хъæуы райста зæххы хай.

Цыдæриддæр дзы ногæй фæзынд, уыдон Джиойыфырт йæхи къухтæй сарæзта, фæлæ, сæйрагдæр зындзинад, электрон тых дзы кæй нæй, уый у. Бахъуыд æй генератор æлхæнын, фæлæ уæддæр фарста æндæр хуызы хъæуы лыг кæнын. Хи хъаруйæ электрон тых æртæ фазæйы бæрц бауадзынæн хъæуы æхца. Иу рæстæг дардтой фыстæ, фæлæ сын сæ бирæгътæ бахордтой.

Ныртæккæ дарынц хъуццытæ, бырынкъджынтæ, кæрчытæ. Фæнды йæ стурвосы нымæцыл бафтауын, бассейны кæсаг дарын, хъæрмуæттæ саразын. Фæлæ йын уыдæттæн фæрæзтæ нæ фаг калон кусæг, ныртæккæ йæ сæры хицауæн æххуыс кæны бинонты хъуыддаджы. Фермеры хатдзæгмæ гæсгæ, хъæууон фыдæбон хуымæтæг куыст нæу, уый цардыуаг у, нæдæр дзы хуыцаубонтæ ис, нæдæр – бæрæгбæттæ. Фæлæ, сæ куысты фæстиуджытæ фенгæйæ, сæ зæрдæтæ барухс вæййынц.

Цыхт ахсгæйæ дæр пайда кæнынц фыдæлтыккон фæлтæрддзинадæй, пепсинты кой сæм нæй, æхсыр уæй кæнынц зонгæтæн. Фæстæдæр райдайдзысты æхсырагурджыты хыгъд парахат кæнын. Фæнды сæ, цæмæй адæм зоной, æхсыры литры фæстæ ахъаззаг фæллой кæй лæууы, фос зылд кæй домы, хæдзарад дарыны хъуыддаг фидар фæткыл кæй ис, уый.

Хæдзарадон архайд фæхъомысджын кæнынæн райсæн ис æфстау, фæлæ



азтæ йын фæахъаз сты. Йæ бæллиц у цæрджытæм хæрзхъæд бынæттон продукци хæццæ кæнын, рагон традицитæ хъахъхъæнгæйæ, хъæууон хæдзарады рæзтыл кусын. Чи æрбацæуы Хеиты хъæумæ, уыдон тынг бадис кæнынц сæ тырнындзинадыл, алкæмæй дæр бузныг сты.

Джиоты бинонты зонынц æрмæст Хуссары нæ, фæлæ æддагон бæстæты дæр, уый та Интернеты хи блог кæй байгом кодта, уый руаджы. Альберты бафæндыд сæ цард уарзондзинад. Ныртæккæ интернеты Джиотæм кæсы 700 адæймаджы, се ‘нтыстдзинад баст у царды æцæгдзинадимæ.

Азауы загъдау Интернеты фæрцы сæ афтæ бирæ адæм кæй базондзæн, уый æнхъæл нæ уыдысты. Альберт куыд дзуры, афтæмæй, сывæллæттæ зæххы куыстæн аргъ куы кæной, уæд уый амонд у...

**ХЪÆЦМÆЗТЫ Зæринæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# *Ирон уæздан лæг*

**26 ноябры «Рæстдзинад»-ы фарсыл бакастæн инæлар-лейтенант Ходы Алыксандрæн арфæтæ. Кæнынц сæ æрхъуыдыджын адæм, ранымадтой, цы бæрнон куыстыты архайдта, уыдон. Фæлæ сæ иу хъуыддаг ферох.**

1984 азы мæ хъан Кадиты Костя Мæскуыйы бынмæ бахауд фæндаггон фыдбылызы. Ардæм, Ирыстонмæ, сыхъуыст: «Камаз» ныппырх, йæхæдæг уæззау уавæры ис». Йæ фыды æфсымæр Аслæнджери æрхатыд «Электроцинк»-ы директор Ходы Никъаламæ æмæ йын загъта: «Дыууæ къуырийы мæ куыстæй суæгъд кæн». Ходы-фырт загъта, кæд истæуыл фæтыхсай, уæд-иу булкъон, дивизийы командæгæнæг Алыксандрмæ бадзурут, мæнæ уын йæ телефон, зæгъгæ. Йæ ныхасмæ ма бафтыдта, дыууæ æфсымæры фырттæ кæй сты, уый дæр.

Уæздан лæг йе ‘ххуысы хайæ никæй ма аздæхта... Бынатмæ ныххæццæ сты, уыцы бон цы скæнæн уыд, уыдон дыууæ лæджы скодтой. Æхсæвиуат кæнынмæ бацыдысты фысымуатмæ. «Иу бынат дæр нæм нæй», – уыд сæ дзуапп. Адзырдтой амынд номырмæ. Хæтæлæй райхъуыст уæздан, фæлмæн ныхас: «Кæм стут, хæдтулгæ уæм фæцæуы».

Хæдзармæ куы бахызтысты, уæд баййæфтой арæзт фынг. Йæ уазалгæнæны цы уыд, уыдонæй æфсин ницæуыл бацауæрста. Уæддæр ма йæ фынгимæ архайы. Сæ хабæрттæ сын куы базыдта, уæд сæйраг дохтырмæ адзырдта: «Мæ хæрæфырт дæ рынчындоны ис, кæд исты зын арæн хос хъæуы, уæд æй æз ссардзынæн». «Ницы хъуаг стæм, алцы дæр нæм ис», – райхъуыст дзуапп.

Ходы-фырт уазджытæм æрхатыд: «Хицæн уат уын ис. Ам лæууут, æви фысымуатмæ цæут?» Уазджыты ныхасмæ гæсгæ сын фысымуаты æнцондæр уаид. «Ам æфсин æгæр тыхсын кæны йæхи. Фæлæ дзы бынат куы нæ ис...», – загътой.

Алыксандр сын гæххæтт афыста, фысымуаты хицаумæ-иу æй раттут, зæгъгæ, сын бафæдзæхста. Хицау æй куы бакаст, уæд сыл сбустæ кодта. «Ацы гæххæтт раздæр равдисæн нæ уыд? Алыксандры цæсты мæ цæмæн бафтыдтат?» Дыууæбынатон уаты сын, цы хъуыд, уыдон сарæзта. Дыууæ лæджы æртыккаг бон пырх «Камаз» сластой сыфцæй. Рынчыны хъуыддаг Алыксандр йæхимæ райста. Æнхъæл куыд нæ уыдыстæм, афтæ схорз Кадиты Костя. Фæстæмæ йæ «Камаз»-ыл кусын райдыдта...

Алыксандр, дæ 84 азæн дын зæрдиаг арфæтæ цы лымæнтæ кæнынц, уыдоны фарсмæ æз дæр лæууын.

**ДОЙАТЫ Костя, Бæтæхъойы хъæу**




Цардæй ист ныв

# Сæудæджер Хъæнцауби

Хъæнцауби иунæг лæппу уыдис йæ ныййарджытæн, – буцхаст, къулбадæг, кусын – йæ цæсты сындз.

Фыд æдзух йемæ загъд кодта, кусынмæ бацу, зæгъгæ, мад та йæ сæрыл хæцыд: «Мæ къона, мæ иунæг, мæ хъæбул, мæнæ мах куы нæуал уæм, бинонтæ йын куы фæуа, уæд кусдзæн. Нырта уал иу гыццыл æнæмæтæй ацæра».

Хъæнцауби бинонты хъуыддаг куы бакодта, афтæ тагъд рæстæджы мад æмæ фыд ацыдысты се 'цæг дунемæ. Хæдзар зауатæй-зауатмæ цыдис, ноджы дзы сывæллæттæ фæзынд. Фæлæ фыд уæддæр кусынвæнд нæ кодта. Иу хъазтизæр, иу куывд, иу хист нæ уагъта. Йæ дынджыр гуыбын-иу нозт æмæ хæрдæй никъкъуту кодта æмæ-иу лæф-лæфгæнгæ хæдзармæ йæ фазыл бырæгау æркодта. Йæ цардæмбал Сæлимæт йæ цæссыгæй йæхи æхсадта, хъарæг кодта, йæ амонд æлгъыста, уæдæ цæмæн æрхаудтæн ацы магусамæ, зæгъгæ, фæлæ Хъæнцаубимæ ахæм ныхæстæ хъардтой?



Иубон куы уыди, уæд Ныхасмæ бафтыд. Лæгтæй алчидæр æрымысыд йæ лæппуйы бонтæ, уыимæ, зæронд Бисолтан дзырдта, зæгъгæ, æрыгонæй кæй кодта сæудæджеры куыст, уый та уыдис пайдайаг куыст, æнæфыдæбонæй – æфтиæгтæ. Изæры Хъæнцауби сæхимæ хъæлдзæгæй æрбаздæхт, йæ ус Сæлимæтæн загъта, тæккæ райсом кæй райдайдзæн сæудæджеры куыст, иу сыкъа банызта æмæ зæрдæхъæлдзæгæй йæхи хуыссæны æруагъта. Фæлæ йæм хуыссæг æмгæрон нæ цыд, æмæ хъуыдытыл ахæцыд: «Бисолтанмæ бæх уыдис, фæлæ мæнмæ та, æгæр-мæгуыр, цъæх хæрæг дæр нæй. – Йæхинымæр стыхстис, стæй скарста, – цæй, мæ иунæг хъуджы уæрдоны баифтындздзынæн, стæй уæд бæрæг уыдзæни!»

Цалдæр боны фæстæ йæ сыхаг Долæтмырзæйы æххуысæй дæргъæй-дæргъмæ уæрдон саразта, йæ хъугæн скодта хамут, æмæ æртæ бонмæ хъуг уæрдоны цæуын фæцахуыр.

Иу æмбисæхсæв Хъæнцауби уæрдоны йæ хъуджы баифтыгъта æмæ боныцъæхтыл Беслæныхъæуы базары балæууыд. Фосы базары рауай-бауай акодта æмæ дыууæ мæллæг сæгъы æртыгай тумантæй балхæдта. Заманхъулмæ сæ æрласта, хор æмæ сæ къæбæрæй хæссын байдыдта. Диссаджы нардæй сæ æртæ мæйы фæстæ базармæ схæццæ кодта. Фæлæ уæдмæ лыстæг фос бирæ фæаслæмдæр, æмæ ма сæ тыххæйты, цæмæй сæ балхæдта, ууыл ратта.

– Цæй, куыд рауад дæ базар? – фæрсы йæ ус.

– Нæй, фосæй ницы пайда скæндзынæн, æндæр истæмæй хъæуы сæудæджер. Дыууæ сæгъы æртæ мæйы фæхастон, фæзылдтæн сæм, æмæ мын сæхи аргъ тыххæйты райстой! Æмæ уæд мæ фыдæбон, мæ хор та?

Сæлимæт фæлмæн бахудтис æмæ афтæ:

– Уæддæр дзæгъæл бадтæй дзæгъæл куыст хуыздæр у.

Цалдæр боны фæстæ та Хъæнцауби йæ хъуг сифтыгъта æмæ Дзæуджыхъæумæ сфардæг. Ам балхæдта æнæудæст чъыр, хъæуы тынг тыхстæй фæагурынц æфсинтæ чъыр, æмæ йæ зынаргъдæрæй ауæй кæндзынæн, зæгъгæ.

Фæссихор Беслæныхъæумæ куы ныххæццæ, уæд боныхъæд æваст ивын байдыдта, æмæ, хидæй куыддæр ауад, афтæ уарын райдыдта, раст бедрайæ калæгау кодта. Чъыр уайтагъд баудæст. Хъæнцауби ма иу хæдзары сарайы бынмæ бæргæ батардта йæ уæрдон, фæлæ чъыр судзын куы байдыдта, уæд æй хæдзары хицау ратардта йæ сарайæ, мæ хæдзар, дам, басудздзæн, зæгъгæ.

– Сæудæджерæй алчи пайда кæны, æз та – зиан, нæй мæ амонд æмæ ныууадзын хъæуы ацы куыст, – загъта Хъæнцауби. Цалдæр боны фырмæстæй уынгмæ дæр нал рацыд, сагъæс кодта.

Иу изæр æм æрбацыд сыхæгты ус Госæнагъуæ æмæ йын афтæ:

– Æхцайæ тыхст дæн æмæ дын мæ дыууæ бумбули базы асламдæрæй дæттын, ды та, Хъæнцауби, базары вæййыс, æмæ сæ зынаргъдæрыл ауæй кæндзынæ.

Исдугмæ ницы сдзырдта Хъæнцауби, стæй скарста:

– Цæй , черт меркъайы ныххауæд, иухатт ма бафæлварон мæ амонд, – рахæсс дæ базтæ, Госæнагъуæ.

Дыккаг бон сæумæрайсом Беслæныхъæуы базары йæ дыууæ базы æрæвæрдта Хъæнцауби æмæ гыццыл бандоныл сæ разы æрбадт. Сихортæм бæргæ фæбадт, фæлæ базтæ нæ ауæй сты. Сæмбæлдис ыл иу бæллæхы лæг æмæ йын афтæ:

– Дæ базтæ афтæмæй ма уæй кæн, фæлтау сæ райхал æмæ сын сæ бумбули гыццылгай уæй кæн, афтæмæй сæ фылдæр райсдзынæ, стæй дын тагъддæр фæуæй уыдзысты.

Хъæнцауби систа кард æмæ райхæлдта йæ базтæ, фæлæ цасдæр рæстæджы фæстæ Хуыцау базарыл зилгæ дымгæ æрбауагъта, æмæ базар иууылдæр бумбули сси. Хъæнцауби ма, мæгуырæг, бæргæ афæлвæрдта бумбулитæ ахсыныл, фæлæ – ницыуал. Йæ базы цъæрттимæ хъæуы балæууыд æмæ ма йæ цотæн дæр фæдзæхста, сæудæджеры куыстмæ ма бацæут, зæгъгæ.

**ХЪÆСТУАТЫ Булкъон**

Ахудынæн

# Уарынтæ йæ бахъыгдардтой...

Ныр ма чызг тыххæй чи скъæфы, дыууæ уарзæгой уды баныхас кæнынц, Джызæлы фæзилæны цы базар ис, уым æфстау нымæт райсынц скъæфджытæ, чызджы дзы æрбатухынц æмæ йæ лæппуйы хæдзары бамидæг кæнынц.

Афтæ рауад Камбилеевкæйы хъæуы иу хæдзары дзæбæх чызджы хабар дæр – Сунжæмæ йæ «аскъæфтой». Фæтк куыд ныффидар, афтæ, лæбурджытæ æрбамбырд сты, сæхи хæдтулгæты баппæрстой æмæ сыхаг хъæуы 'рдæм атындзыдтой. Чи зоны, уым диссагæй ницы ис, фæлæ дын чызджы мад дæр лæппуйы хæдзары куы бамидæг уаид. Хæдзары, зæгъгæ, уæд – кæрты. Ныр уыцы заман уарынтæ ныххæцыдысты, иу бон дæр хуры цæст нæма разынд. Хъуыддаг цы бон æрцыд, уæд дæр уарыд, бедрайы комæй æвгæнæгау.

Скъæфджыты къордмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æнхъæлмæ кастысты, сæ размæ рацыдысты. Уыдонæй дæр чидæртæ сæ хойы уаты фæмидæг сты, мад – æдде, йæхи фыдуындæй æвдисы – алы какулатæ калы, æртхъирæн кæны:

– Нырткæккæ мын мæ чызджы куы нæ рахонат, уæд сар уæ сæр кæны! Уæ цард уæ нал бахъæудзæн, æз уын ахæм митæ бакæндзынæн! Нырткæккæ уын уæ хæдзарыл бандзардзынæн!

Байхъуыстой йæм фысымтæ, уæдæ цы. Стæй, гыццыл куы фæхъус, уæд ын нæлгоймæгтæй иу афтæ бакодта:

– Хорз ус, фæстæдæр бандзардзынæ хæдзарыл, ныр уаргæ кæны, æмæ дæ арт куы не схæца!..

# Афтæтæ нæ уарзта...

Къуыдаргомы цæрджытæй мын иу сылгоймаг скъæфты тыххæй радзырдта ахæм хабар. Цæвиттон, иу мад æмæ фыдæн чызг сæнтыст. Хуыцаумæ хъыг ма фæкæсæд, фæлæ афтæ рауад, æмæ ныййарджытæ сæрæй иу гыццыл æлхъывдгомау уыдысты. Уый хыгъд сæ чызг цы – цæсгомæй, цы – гуырыкондæй тынг аив рауад. Уæдæ йæ не Скæнæг зондæй дæр фæхайджын кодта, уыцы 'рдыгæй дæр æм фау æрхæссæн нæ уыд.

Чызг куы рахъомыл, уæд æм лæппутæ, мæ фыдымады загъдау, сæ бецыктæ зулмæ фасын байдыдтой. Æмæ куыд нæ – йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ каст, астæунарæг, гуырвидауц... Æвæццæгæн, мæгуыр, йæ ныййарджыты æдылы митæй дæр стыхст... Иу дзырдæй,




Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ йæ иу бон замманай лæппу сыхаг хъæутæй иумæ аскъæфта. Йæ бинонтæм ын нæ фæхабар кодтой, ма йæ агурут, махмæ ис, зæгъгæ, æмæ ныййарджытæ æрмæстдæр къуырийы фæстæ базыдтой, сæ хъæбул кæмæ бакуывта, уыдоны адрис. Мад иунæгæй такси аххуырста æмæ сæ размæ балæууыд. Чызджы ног бинонтæй чидæртæ йæ размæ рацыдысты, цыдæр хатыры ныхæстæ дзурынц, фæлæ сæм хъусæг нæй. Мад суанг чындзы уатмæ бацыд, йæ синысæртыл йæ къухтæ сæвæрдта æмæ йæм дзуры:

– Дæхи арæвдз кæн, нæхимæ цæуæм ацы фæдыл. Æндæр дæ фыд афтæтæ нæ уарзы!..

Уыди? Нæ уыди?

# Цæппæр

Царди иу адæймаг. Тынг хорз нæ цард, йæ царды мидæг бирæ алыхуызон æвзæр хъуыддæгтæ арæзта. Иухатт йæхицæн скарста, мæ уд фервæзын кæнон, зæгъгæ, æмæ хорз хъуыддæгтæ аразын райдыдта, мæ мæрдтæмвæндаг, дам, ссыгъдæг кæнон, фæлæ йæ царды хорзырдæм ницы ивддзинæдтæ æрцыд.

Иухатт уынджы фæцæйцыд, кæсы,æмæ иу зæронд усæн йæ палтойы цæппæр зæхмæ æрхауд. Ахъуыды кодта: «Уый цы у? Дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр – цæппæр! Цы йæ исын, уый ницы у». Фæлæ йæ систа, зæронд усы баййæфта, цæппæр æм ратта æмæ уыцы цау ферох кодта.



Рацыд рæстæг, уыцы адæймаг амард. Кæсы æмæ уыны тæраз, галиуырдыгæй йыл, цы æвзæрдзинæдтæ бакодта йæ царды, уыдон, бынмæ йæ ивазынц, рахизырдыгæй та – цыдæр гыццыл мур. Æвзæрдзинæдтæ уæззаудæр сты, тæраз бынмæ цæуы.

– Ехх, – хъуыды кæны лæг, – ам дæр та мæ хал не схауд!

Æваст зæд фæзынд æмæ тæразыл цæппæр æрæвæрдта. Æмæ хорздзинæдтимæ рахизфарсрдыгæй къус фæбындæр.

– Уый гæнæн куыд ис, æмæ иу цæппæр фæуæззаудæр мæ бирæ æвзæр хъуыддæгтæй? – дисы бацыд нæлгоймаг. – Цæйбæрц хорз хъуыддæгтæ сарæзтон, фæлæ никæцæй разындысты.

Æмæ йын зæд загъта:

– Цы хорз хъуыддæгтæ арæзтай, уыдонæй æппæлыдтæ, æмæ дын фесæфтысты. Фæлæ, кæй ферох кодтай, уый фаг уыдис дæ уд мæлæтæй фервæзын кæнынæн.

# Чи у аххосджын

**Æфсымæртæ фæхыл сты. Кæстæры зæрдæ хистæрыл фæхудт, æмæ йæм хистæр, уый бамбаргæйæ, æрбацыд бафидауынмæ. Уый йын дуар нæ байгом кодта. Уæд хистæр ацыд, хъæуы æппæты куырыхондæрыл кæй нымадтой, уыцы зонынджынмæ, æмæ йын радзырдта, цы йыл æрцыд, уый.**

**Зонынджын ын загъта:**

**– Лæмбынæг ма дæхимæ æркæс æмæ зæгъ, аххосаг дæхи зæрдæйы нæй? Кæд дæхи раст хоныс? Чи зоны, де 'фсымæры аххосджын кæныс, дæхи та – раст? Уымæ гæсгæ дын де 'фсымæр йæ дуар нæ бакодта.**

**Æмæ, нæлгоймаг йæ уынаффæмæ æнхъæлмæ кæсы, уый бамбаргæйæ, зонынджын загъта:**

**– Кæд дæ разы аххосджын у, уæддæр дæхицæн зæгъ, йæ разы аххосджын дæн, зæгъгæ. Æмæ сраст кæн де 'фсымæры. Уæд йæ зæрдæйы фæзындзæн демæ бафидауыны фæндон.**

# Дурыл нывæфтауæг

Стыр хохы рæбын царди дурыл нывæфтауæг (резчик по камню). Хохæй-иу гыццыл къæрттытæ рафтыдта æмæ дзы Хуыцауы гыццыл нывтæ арæзта. Иухатт тынг рæсугъд фигурæ сарæзта æмæ йæ сфæнд кодта паддзахы дыргъдоны сæвæрын.

Ацыд дыргъдонмæ æмæ æнæнхъæлæджы федта паддзахы.

– Уый дын гъе! Уый мæн хуызæн хуымæтæг дурыл нывæфтауæг нæу, – загъта йæхицæн. – Уый тынг хъомысджын у. Хъыгагæн, æз паддзах нæ дæн.

Афтæ тынг æй бафæндыд паддзах суæвын, æмæ паддзах сси.

– Ныр æппæты хицау дæр æз дæн, хуымæтæг дурыл нывæфтауæг нæ, фæлæ!

Иухатт хур тынг ныккаст. Паддзахæн йæ бон фыртæвдæй нал уыд.

– Хур, афтæ тынг ма тав, – загъта хурæн. Фæлæ йæм хур нæ байхъуыста. Æмæ уæд загъта:



– Хурмæ паддзахæй фылдæр бартæ ис. Мæн фæнды хур суæвын.

Æмæ сси хур. Иухатт хур мигъты ауыон фæци.

– Куыд рабæрæг, афтæмæй бынтон æппæтбарджын нæ дæн, кæд мигътæн сæ бон у мæн хъыгдарын, уæд.

Бафæндыд æй мигъ суæвын, æмæ сси мигъ. Фæлæ иухатт мигъ хохы размæ æрбахæццæ, æмæ йын хох йæ фæндаг æрæхгæдта.

– Уæдæ хох мæнæй тыхджындæр у, – ахъуыды кодта æмæ фестад хох.

Фæлæ иуахæмы федта, гыццыл адæймаг хохмæ куыд бацыд æмæ дзы дуры къæрттытæ куыд ракодта.

– Дурыл нывæфтауæг хохæй тыхджындæр у, – ахъуыды кодта лæг. Бафæндыд æй дурыл нывæфтауæг суæвын, æмæ сси.

Æцæг хабар

# Хъыбыл

Алыксандрыл кæд æртын азы сæххæст, уæддæр ма йæ мидхъæуы адæм, куыд йæ сабидуджы, афтæ, фæсномыгæй Хъыбыл хуыдтой. Тымбылтæ, сырхрус лæппу кæддæр чи уыди, уый хъуыды дæр ничиуал кæны, буцдæрæн Хъыбыл, зæгъгæ, дзырд фæци, æмæ уыйадыл Хъыбылæй баззади. Хъыбыл æмæ Хъыбыл. Скъола дæр Хъыбылæй каст фæци. Æфсады рæнхъытæм дæр Хъыбылæй ацыди æмæ фæстæмæ дæр Хъыбылæй сыздæхти хъæубæстæм.

1-æм, 9-æм Май æмæ 7-æм ноябрь советон рæстæджы стырдæр бæрæгбæттыл нымад уыдысты. Дзыллæйы фылдæр хай-иу къордтæй сихорæй изæрмæ сæхи райстой донбылтæ æмæ фæрвбын æрдузтæм Даргъ-Таг æмæ Хуысфæрæчы баулæфынмæ. Куывтой нæхимæ сау бæгæныйæ Хуыцаумæ. Сæхи, сæ сыхæгтæ æмæ уарзон адæмы зæдтæ 'мæ дауджытыл фæдзæхстой. Ерыс кодтой, чи хуыздæр ракафдзæн, чи хуыздæр æмæ рæсугъддæр азардзæн, ууыл. Къордмæ-иу кусæрттагæн фыс куы уыди, уæддæр-иу физонджытæ та, 20-25 килæйы чи ластаид, ахæм хъыбылы фыдæй кодтой. Уымæ гæсгæ-иу бæрæгбоны хæдразмæ Сырх-Дыгурмæ арæх фæзындысты фæрсаг хъæутæй хъыбылæлхæнджытæ.

Иухатт иу ахæм æлхæнджыты къорд, хъыбыл агургæйæ, сæмбæлдысты скъолайы цур колхозы дзырдарæхст шофыр Мигойыл.




– Хорз лæг, райсом нæ бæрæгбонмæ физонæггаг хорз хъыбыл хъæуы, æмæ никæмæ зоныс, кæмæй райстæуа?

Миго иу уысмæ ахъуыды кодта, æмæ сын, йæ хъусы сæр аныхгæйæ, æнæ цæстфæныкъулгæйæ загъта:

– Хъыбылтæ хъæуы бирæтæм ис, фæлæ, – йе 'нгуылдзæй уæллаг сыхы 'рдæм ацамыдта, – мæнæ афтæ цæут, æмæ хъæуы сæр галиу фарсы агуыридуртæ цы хæдзары цур ис, уым бафæрсут.

– Дæ салам бирæ уæд, хорз лæг, – æлхæнджытæ раарфæ кодтой Мигойæн, афтæмæй сæ хæдтулгæйы фæраст сты уæллаг сыхмæ.

Миго дæр ма сæм йæ хæдтулгæйæ йæ къух атылдта, афтæмæй, мидбылхудгæ, йæ куысты фæдыл фермæйы 'рдæм аивгъуыдта.

Æлхæнджытæ, куыд амынд сын уыди, афтæ бацыдысты æмæ хæдзары кулдуар бахостой. Алыксандры мад сæм ракасти.

– Дæ бон хорз уæд, нæ мады хай, – салам ын ратта æлхæнджыты хистæр.

– Кæй бон у, уый хорзæх уæ уæд, – йæ сæр батылдта сылгоймаг.

– Хъыбыл нæ хъæуы, æмæ уый фæдыл стæм.

– Хъыбыл знон Дур-Дурмæ ацыди æмæ нæма фæзынди.

– Дур-Дуры онг дæр бафты? – бадис кодта æлхæнджытæй иу.

– Дур-Дурмæ, Цыколамæ, Дигорамæ... Цы йын дзы уæлдай у, – йæ къух акъуырдта сылгоймаг, - мæныл цы мæгуырбон ис, уый мæхицæй уæлдай ничи зоны...

– Ахæм диссаг ма фендæуыд, – йæ сæр батылдта æлхæнджыты хистæр, – æмæ ма уæ хæдзар та куыд ссары Дур-Дурæй, Цыколайæ? Стыр диссаг нæу, стыр диссаг!..

– Чи йæ нæ зоны, ахæм нæй. Карз ноздæй йæм хорз фæкæсынц æмæ йæ афтæмæй хæдтулгæйы мæнæ нæ дуары онг æрбаласынц.

– Нæ... Нæ... – йæ къухтæ стылдта æлхæнджытæй иу, – нуазгæ цы хъыбыл кæны, уый нæ цæмæн хъæуы?

– Дзæгъæлы æрбацыдыстæм ардæм, – бахъуырхъуыр кодта иннæ.

– Кæнгæ дзы цы кæнут, – бафарста сæ ус, – кæд æй зонгæ нæ кæнут, уæд?

– Райсом бæрæгбоны иумæ, æнæхъæн бригадæй дæр Æрæфы былмæ бадынмæ цæуæм, æмæ нæ уырдæм физонджытæ кæнынмæ дзæбæх хъыбыл кусæрттагæн бæргæ хъуыди, фæлæ...

Сылгоймаг бамбæрста, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый, æмæ сын, арф ныуулæфгæйæ, загъта:

– Уæ сардауæг æмæ уе 'рбарвитæгæй Хуыцау ма сразы уæд, – уынджы рачиу-бачиугæнгæйæ цы лæг ссæйцыди, уымæ сын йе 'нгуылдзæй бацамыдта. – Дæлæ, чи ссæуы, уый мах Хъыбыл у, мах. Æргæвдинаг бæргæ у, фæлæ йæ дзидза бахæрынмæ не сбæздзæн. Уæхæдæг æй уынут, – йæ сæр батылдта сылгоймаг, æмæ, æнæбары йæ мидбылты бахудгæйæ, кæртмæ бахызти æмæ йæ фæстæ дуар бахгæдта.

**ХОХОЙТЫ Федар**

Ирон æмбисæндтæ

# Лæг æмæ ус



*Сылгоймаджы Хуыцау хæйрæгæн сфæлдыста.*

***Сылгоймаг хæйрæг у.***

*Фыдсыл дæ хæдзары сæвзæрæд!*

***Нарты Сатана – Иры кæлæнгæнæг.***

*Устытæй иутæ уынджы – зæд, аргъуаны – сих, хæдзары – агъуыд бирæгъ.*

***Ус бæсты фыдбылыз у.***

*Къулбадæг ус æнæхъæн хъæу дæр сафы.*

Уыдзæн ма

**Æрæмбырд сæ кодта æмæ чиныг саразта ГУЫТЪИАТЫ Хъ.**

*Орджоникидзе, «Ир», 1976*



**Фарс бацæттæ кодта ГАПБАТЫ Алетæ**

Спортивон фидиуæг



### Гимнастикæ

# Нæ кæстæртæ – хуыздæртимæ

**Мæскуыйы, Ирина Винеры номыл Спортивон галуаны цыдысты Æппæтуæрæсеон гимнастикæ æмæ музыкалон аивады иумæйаг спортивон фестиваль «Гимнастрада»-йы кæронбæттæн ерыстæ.**




Фестивалы регионалон ерыстæ райдыдтой ацы аз февралы. Æвзæрст дзы цыдысты спорт æмæ музыкæимæ баст номинацитæ: «Иумæйаг гимнастикæ», «Гимнастикæйы спорты хуызтæ», «Кафыны марафон»-ы хуыздæртæ.

Регионалон ерысты фæуæлахизуæвджытæ июны сæмбæлдысты Мæскуыйы. Уыдон уыдысты Уæрæсейы 24 субъектæй æрбацæуæг 1561 адæймаджы. Фестиваль «Гимнастрада-2026» арæзт æрцыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Советон Цæдисы фæуæлахизы 80 азы кадæн.

Мадзал æхгæныны размæ цы Гала-концерт арæзт æрцыд, уым архайджыты ’хсæн уыдысты нæ республикæйы Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстадон галуаны хъомылгæнинæгтæ 45-æй. Ирыстойнаг 8-15-аздзыд кæстæртæ, фестивалы цы 81 командæйы архайдта, уыдоны ’хсæн уыдысты хуыздæртимæ.

Номинаци «Катюша»-йы ерысты ирыстойнаг скъоладзаутæ бацахстой 1-аг бынат, номинаци «Гимнастикон спорты хуызтæ»-йы та – 7-æм бынат. Уыйбæрц командæты ’хсæн 7-æм бынат дæр банымайæн ис хорз бæрæггæнæныл.

Не ’взонг кæстæртæ Гала-концерты 45-æй кæм архайдтой, уыцы равдыст «Добро пожаловать в Россию» («Зæрдиагæй уæ хонæм Уæрæсемæ!»)-йæн стыр аргъ скодтой, куыд концертмæ кæсджытæ, афтæ фестивалы жюрийы уæнгтæ дæр.

Нæ командæйы ерыстæм бацæттæ кодтой тренертæ – Уæрæсейы Культурæйы сгуыхт кусджытæ Сокаты Галинæ æмæ Гуыдиаты Юлиannæ, хореограф, Уæрæсейы ахуырады сгуыхт кусæг Елена Смирнова, хореограф Æгайты Эллæ, концертмейстер Керчелаты Виктория.

Уæлахиздзаутæн сæрмагонд лæвæрттæ ратта Уæрæсейы Федерацийы сенатор, Уырыссагау дзурæг сылгоймæгты æппæтдунеон федерацийы президент Елена Афанасьева.

Ахæм стыр фестивалы Ирыстоны кæстæртæ цы цæттæдзинад æмæ куыд æгъдауджынæй сæхи равдыстой, уый у зæрдиаг арфæйы аккаг!

Нæ зæрдæ зæгъы нæ сæрæн кæстæртæ æмæ сæ бацæттæгæнæг хистæртæн ног спортивон æмæ аивадон сгуыхтдзинæдтæ!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Цæугæдон Уæрæсейы. 4. Нымæц. 9. Къорд. 12. Къостайы æмдзæвгæ. 13. Лыстæг цæрæгой. 15. Фыдыфыд, мадымад. 18. Хæдзары дзаума. 19. Æхсыры продукт. 20. Хæдзарон цæрæгой. 21. Иусыкъаджын. 26. Адæмыхатт Фæскавказы. 27. Тæхæг маргъ. 28. Къуырма. 29. Фос. 33. Ирон мыггаг. 34. Космонавт. 35. Фынгæн лæггадгæнæг. 39. Хæмпæлгæрдæг. 40. Дæрдтыл балц. 41. Химион элемент. 42. Гагадыргъ. 45. Рог автомобил. 47. Кауы хай. 48. Стъалыты гуппар «Галгæс» уырыссагау. 54. Хуылфыдзаума. 55. Хæф, цъæй. 56. Цæугæдон Дагестаны. 57. 1812 азы хæсты хъæбатыр. 62. Тынг æфсæрмыгæнаг. 63. Æмбæлтты къорд. 64. Музыкалон инструмент. 69. Æнæрвæссондзинад. 70. Сывæрджын. 71. Бæттæн. 72. Хъæддаг тугдзых цæрæгой. 76. Хосдзауы дзаума. 77. Рæмудзæн хæцæнгарз. 78. Дунейы хай. 79. Хъæу Уæлладжыры комы. 81. Хъæууонхæдзарадон культур. 84. Кæсаджы мыггаг. 85. Зондхъуаг. 86. Дарæсы хай. 87. Мил. 88. Мад.

**БЫНЫРДÆМ:** 2. Цæугæдон Уæрæсейы. 3. Æфсæрмыгæнаг. 5. Нымæц. 6. Къупыри. 7. Слесыры кусæнгарз. 8. Кинонывисæг кусæндон. 10. Нартхорæй хæринаг. 11. Дзидзафыцæджы мигæнæн. 14. Фæндаггон. 15. Хус царм. 16. Аразæн æрмæг. 17. Хæмхудтæбæттæн. 22. Судзгæ сугтæ. 23. Змæнтæг. 24. Тынг уазал. 25. Оперæйы иу хай. 30. Хуыз. 31. Бæхыл бадæг. 32. Цæугæдон Уæрæсейы. 36. Судзгæ суг. 37. Паддзахад Европæйы. 38. Артаг. 39. Кусæг фос. 43. Хæлиулæуд. 44. Музыкалон инструмент. 46. Цæттæ. 49. Буары хай. 50. Нуæзт. 51. Згъæрæй къаннæг бæрцуат. 52. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 53. Уæлæдарæс. 58. Къуыбыр. 59. Цæмæ бæллы алчи. 60. Сылгоймаджы уæлæдарæс. 61. Хъæууонхæдзарадон культур. 65. Нæл сæгъ. 66. Хъæдæрмæг. 67. Хахнывгæнæджы дзаума. 68. Маргъы продукт. 73. Фидар æфсæйнаг, æндон. 74. Химион элемент. 75. Литературон уацмыс. 80. Волгæйы рагон ном. 82. Ирон хæринаг. 83. Паддзахад Йемены раздæры сæйраг горæт.

### Дзуаппытæ 20 июны мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 2. ... цæгатмæ. 5. Кæрвæдз. 9. Каис. 10. Сæнк. 11. Æмгусæг. 12. Идæдз. 15. Къуыдарæн. 17. Цæст. 18. Гыгы. 19. Тæрс. 21. Хуын. 22. Рæстæмбæлæг. 24. Æнæсцух.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Царв. 3. ... æмæ... . 4. Мад. 5. Кларæ. 6. Рæсугъд. 7. Æфсисад. 8. Зæнæг. 12. Ихуат. 13. Æрду. 14. Зарæг. 15. Къæзæнæг. 16. Ныгуылæн. 20. Сатана. 21. Хъæбул. 23. Мысы.**

Арфæ

# Цардмæ мæ раздæхтой

*Æрæджы Уæрæсейы сбæрæг кодтой Медицинон кусæджы бон. Бæрæгбон фæсте аззад, фæлæ медицинон къабазы кусджытæн алы бон арфæйы ныхæстæ куы дзурæм, уæддæр нæ фæрæдидзыстæм, уый аккаг сты. Чи зоны, ис не ’хсæн ахæмтæ, æмæ медицинæйы абоны уавæрæй разы не сты, алцы адæймаджы фæндиаг нæу. Фæлæ, хъæндзинæдтæ куы агурай, уæд сæ æнæмæнг ссардзынæ. Чи ницы архайы, уый рæдигæ дæр нæ кæны.*

*1992 азы тынг стыр фыдбылызы бахаудтæн, цард æмæ мæлæты ’хсæн февзæрдтæн æнæнхъæлæджы. Уыцы уæззау бонтæ, мæйтæ мæ уæлхъус арæхстджын дохтыртæ, медицинон хотæ куы нæ уыдаиккой, уæд мын аирвæзыны хос нал уыд. Æфсæнвæндаджы рынчындонмæ мæ афойнадыл æрбахæццæ кодтой. Иу рæстæджы мæхимæ куы ’рцыдтæн æмæ куы федтон, мæ къæхтæ мæ уæлæ нал сты, уый, уæд цы уавæры уыдтæн, уый зын бамбарæн нæу. Цæрын мæм нал цыд, тар ахорæнтæй сахуырст дуне... Уыцы рæстæг мæ разы æхсæвæй-бонæй цырагъау лæууыдысты хирург Борыхъуаты Елæмырзæ, хирургон хайады сæргълæууæг Болиаты Аллæ, медицинон хотæ... Аллæ загъта, æз, дам, дæ дæ къæхтыл слæууын кæндзынæн. Æмæ, æцæгæйдæр, рæстæг рацыд, æмæ слæууыдтæн... протезтыл. Абон активонæй архайын æхсæнадон царды, мæ къух куыд амоны, афтæ æххуысхъуæгтæм ме ’уæхск бадарын.*

*Иухатт рагон бердзенаг философ Сократ загъта: «Æппæт дæсныйæдтæ дæр адæмæй сты, æрмæст æртæ та – дохтыр, ахуыргæнæг æмæ тæрхонгæнæг – Хуыцауæй». Куыд хъуамæ не сразы уæм уыцы дзырдтимæ? Мæ царды фæстаг бонмæ дæр нæ байрох уыдзæн Борыхъуаты Елæмырзæ æмæ Болиаты Аллæйы хорздзинад, уыдон мæ, зæгъын æмбæлы, ингæны дуарæй фæстæмæ раздæхтой. Елæмырзæ, рухсаг уæд, Зилгæйы цы хæдзары цард, уый къулыл ын мемориалон къæй бакодтон. Аллæ кæд кусгæ нал кæны, уæддæр арæх фембæлæм. Дыууæ бинонтимæ дæр æнгом цæрæм, уыцы хæлардзинад нæ кæстæртыл дæр апарахат. Уæ фарн бирæ, мæ чызг æмæ мæ лæппу дæр равзæрстой дохтыры дæсныйад.*

*Болиаты Аллæ æмæ Ирыстоны æппæт медицинон кусджытæн дæр зæрдиаг арфæ кæнын сæ профессионалон бæрæгбоны фæдыл. Æнæнизæй цæрут бирæ азты, фыдбылызæй хызт ут! Уæ царды рæсугъд бæрæгбæттæ фылдæр уæнт, цы фæндтæ уæм ис, уыдон сæххæст уæнт!*

**ЛАЛЫТЫ Лев,**
**æхсæнадон архайæг**

Радон номыр

# «Мах дуг» мыхуыр кæны

**Мыхуыры рацыд журнал «Мах дуг»-ы ацы азы æхсæзæм номыр. Рубрикæ «Æмдугоны хъуыдытæ»-йы бынмæ – æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы æвзæрст лæг Туаты Аланы «Хистæры зонд æмæ кæстæры æвзыгъддзинад».**




Хозиты Барисыл сæххæст 70 азы. Тъехты Тамерлан йæ уац «Дуг фыссæгæн – цæдисон», зæгъгæ, уым фыссы Барисы цард æмæ архайды тыххæй. Хозиты Барис йæ уац «Литературон критикæ. Ис нæм æви нæй?» уым дзуры литературон критикæйы фарстатыл.

«Мах дуг»-ы равдысты – йæ цард, рухстауæн æмæ æхсæнадон архайдыл дзурæг къамтæ.

Журналы бакæсæн ис Абайты Эдуард æмæ Фидараты Русланы æмдзæвгæты циклтæ – «Бæргæ, куы кæсин ме уæны» æмæ «Атыдтон нымды рæхыстæ».

Цымыдисаг сты Битарты Маринæйы радзырд-æцæг хабар «Фæлдурæдджын хъысмæт». Цхуырбаты Мерийы радзырдтæ «Уыцы сæрдыгон даргъ æхсæв», «Хърихъуппытæ», «Мæлæт алыхуызон у», Калманты Этэрийы новеллæ «Изæрмилты нымд зæгъинæгтæ».

Хуыгаты Сергей журналы дарддæр мыхуыр кæны йæ мысинæгтæ – «Малиты Васо».

Рубрикæ «Аив дзырды хæзнадон»-ы бынмæ – Гусалты Барисы «Дзырд – Хуыцау дугæй дугмæ». Дзугаты-Мурасты Риммæ Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Мæрзойты Хъазыбеджы райгуырды 100 азы бонмæ мыхуыр кæны очерк «Æнустæм хъуыдыйаг хæрзгæнæг».

Журналы ма ис æндæр бакæсинæгтæ дæр

**АБАЙТЫ Эдуард**

Конкурс

# Экспедицийы ацæудзæн



**«Зонындзинæдты ихсæттæг-2026» дунеон наукон-рухстауæн проекты уæлахиздзаутæй иу, Дзæуджыхъæуы Кучиты Юрийы номыл 27-æм астæуккаг скъолайы фарæстæм къласы ахуырдзау Дарья Гордусенко ацы азы августы Цæгатаг полюсмæ экспедицийы ацæудзæн.**

**Æрæджы амынд проекты кæронбæттæн ерыстæ ацыдысты Мæскуыйы Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты равдысты (ВДНХ-йы) музей «Атом»-ы. Конкурсы чи фæуæлахиз, не ’мзæххон чызг уыд Цæгат Кавказы федералон зылды уыцы командæйы уæнг.**

**Августы паддзахадон корпораци «Росатом»-ы атомон ихсæттæг нау «Уæлахизы 50 азы»-йыл арктикон экспедицийы чи ацæудзæн, бирæкъæпхæнон æвзæрстыты бæрæггæнæнтæм гæсгæ уыцы уæрæсейаг æмæ фæсарæйнаг скъоладзауты нæмттæ бæлвырдгонд æрцыдысты.**

*Нæ уацхæссæг*

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсævтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

Номыры радхæссæг редактор — **Абайты Эдуард.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 673. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**